SÒLDA LAPÈ

Aktivite militè MINISTA yo. Lèt enfòmasyon nou an.

Nimewo 5 - Janvye 2013

Kontakte nou...

UNITED NATIONS
United Nations
Stabilization Mission in Haiti

NATIONS UNIES
Mission des Nations unies
pour la stabilisation en Haïti

MINISTA

BIWO ENFÒMASYON PIBLIK
MILITÈ YO (MPIO)

Kan Delta
Taba 41, Boulva 15 oktòb
Bwat postal 13363
Pòtoprens, Ayiti

Nimewo 69 80
mpio-clerk@un.org

Paj web MINISTA a

MINISTA sou Facebook

MINISTA sou Twitter

MINISTA sou Flickr

Sipòte sòlda lapè paw la !

- Eske ou gen yon mesaj ou vle voye bay solda pou lapè pa'w la, pou yon evènman espesyal?
- Eske ou vle di'l sèlman ou manke'l?
- Eske ou vle voye yon mesaj sipò pou lapè an yiti?

Ou kapab voye mesaj pa'w la nan adrès sa a:
support_haiti_peacekeepers@hotmail.com

Men kèk enstriksyon:

- Ekri non'w, non peyi'w ak non sòlda pou lapè pa'w la.
- Si ou voye mesaj ou a pou tout sòlda pou lapè an nayiti, ekri sèlman sa.
- Mesaj ou a dwe kout, pa anpil.

Si ou respekte enstriksyon sa yo mesaj la ap pibliye!

Norma (Brezil) pou Ricardo: "*Que a paz de Nosso Senhor Jesus Cristo esteja contigo Que teus dias sejam voltados à dedicação ,carinho e afeição a esse povo querido. E que sempre te proteja a misericórdia de Deus. Espero em breve rever-te Abraços e minha benção*".

Mesaj Kòmandan Fòs Militè a

Kòm ane sa fenk kòmanse, mwen ta renmen pran opòtinite sa a pou mwen eksprime sensè apresyasyon mwen e felisite gwoup gason ak fanm ki anba kòmandman mwen an pou angajman yo nan sèvis pou lapè nan MINISTA.

Pandan ane ki sot pase a, Fòs Militè a akonpli plizyè pwojè nan kad manda pou mentni yon anviwonman san danje ak an sekirite an Ayiti. Anplis de sa, yo te tanmen travay pou alèje pèn popilasyon an pandan ak apre pasaj siklòn Izarak ak Sandi kite frape zile a e koze anpil lanmò, domaje enfrastrikti yo, epi kite dèyè anpil blese ak moun ki san kay. Nan nouvèl ane sa, nou pral fè fas ak anpil nouvo defi, e mwen sèten ke entegrasyon, lespri koperasyon ak kouraj sòlda mwen yo pwal ede nou simonte tout difikilte sa yo nou ka genyen.

Mwen trè fyè de tout militè ak pèsonèl sivil ki nan chak branch ak militè katye jeneral yo pou travay san pran souf ak devouman yo pandan ane ki sot pase a pou atenn objektif nou yo. Angajman nou, konesans teknik, relasyon entèpèsonèl, altwiyis nan sipòte moun ki nan bezwen yo te remakab anpil. Volonte pou nou ede ak detèminasyon nou pèmèt nou reyalize objektif nou yo. Se poutèt sa, mwen ankouraje nou kontinye fè travay nou ak anpil pwofesyonalis, entegrite, respè, ak tolerans, e toujou mete nan tèt nou prensip Nasyonzini yo ak valè debaz yo ke nou dwe obsève tout tan.

Mwen ta renmen mete aksan sou privilèj nou genyen nan travay anba lidèchip Mesye Mariano Fernandez, Espesyal Reprezantan Sekretè Jeneral la. San sipò ak konsèy li, travay nou pa tap rive posib.

Lajounen kou lannwit, san nou pa gade sou drapo ak difirans kiltirèl nou, nou te travay ansanm tankou yon ekip anba banyè Nasyonzini ak objektif pou nou ede pèp ayisyen an. Nan menm sans ide sa, mwen swete nou tout yon ane nan lapè ak anpil siksè nan travay nou kòm sòlda lapè.

FERNANDO RODRIGUES GOULART
Majò Jeneral
Kòmandan an Chèf
MINUSTAH

Palem de travay ou...

Alisson, BRABAT1, 21 lane.

« Mwen se ajan prive Alisson, m' sòti nan premye eskadron twazyèm gwoup konba peloton lame delè brezilyen. Mwen patisipe nan twazyèm twoup enfanteri fòs delè Ministа e kontribisyon twoup mwen an byen òganize.
Eksperyans mwen an Ayiti enpòtan anpil, mwen travay ak Brabatt 1 nan mennen : patwouy, sekirite ak jmisyon CIMIC nan distribisyon dlo ak manje.

Pafwa mwen sonje lakay mwen, men nan moman sa a m'sonje tou gen yon pèp ki bezwen sekirite e mwen dwe fè efò chak jou pou'm kenbe yon anviwonman estab, sekirize nan yon peyi ki bezwen sekirite e ki genyen anpil mizè. Mwen sonje yon fraz m'gade chak jou nan baryè prensipal batayon kote mwen ye nan peyi Brezil : "Listwa pa site non sila ki lach oubyen listwa pa onore sila ki lach."

Alisson

Lajounen kou lannwit

Jou ki te 6 rive 20 Novanm nan, konpayi jeni peyi Chili ak Ekwatè a mennen twazyèm faz reparasyon wout chalmay nan Petyonvil.

Pwojè global sa te rive fèt nan tèt ansanm ak konpozant militè minista a, biwo pwojè sèvis Nasyonzini (UNOPS) ak sipò pwojè devlopman16/6 gouvènman ayisyen an. Pandan faz sa, 15 engenyè te mobilize.

Pou nou te ka evite blokis oubyen nwi popilasyon ayisyen an nan deplasman li, gen yon gran pati nan travay la ki reyalize lannwit. Gras ak efò engeyè yo, pwojè a fini kounye a 100%.

Jounen timoun yo !

Jou ki te ven(20) novanm 2012 la, nan okazyon fèt timoun, pèsonèl batayon Agentin (ARGBAT) an te patisipe nan yon festival nan yon ofelina Gonayiv ke Enstiti Byennèt sosyal ak rechèch (IBESR) rekonèt. IBESR se administrasyon ofisyèl ki anchaje pou pwosesis adopsyon yo.



Aktivite sa te òganize nan lyezon ak lòt inite nan Minista, tankou: INDOENGOY AK FPU. Otorite lokal ak Nasyonzini te patisipe nan festival la tou, tankou chèf rejyonal Minista nan latibonit la, chèf afè sivil Minista a ak reprezantan OCHA a.

Nan jou sa a, plizyè aktivite rekreyatif te fèt pou timoun yo tankou dans ak konkou. Yo te resevwa jwèt, bijou pou timoun yo, hotdogs, bonbon ak ji. 150 timoun, tifi ak ti gason, te benefisye yon konsiltasyon de ekip medikal la.

OBJEKTIF : SITE SOLÈY

Nan Kad lit kont ensekirite ak kriminalite, sòlda pou lapè Minista yo te patisipe jou ki te 9 rive 10 Novanm nan yon operasyon konbine ki te fèt nan site solèy, youn nan zòn ki pi sansib nan Pòtoprens.

Vandredi 2 Novanm, Pòtoprens, manm gang Boston ak Simon Pélé, de katye nan Site Solèy tap twoke kòn yo, tire len sou lòt nan lari a. Sa ki lakoz anpil inosan viktim.
Otorite ayisyen yo ak Minista te deside aji trè fò pou netralize kriminèl sa yo, restore lalwa ak lòd e reasire popilasyon an. Ebyen nan de jou, lapolis nasyonal Dayiti (PNH) lapolis nasyonzini (UNPOL) ak sòlda pou lapè konpozant militè yo te mennen yon operasyon ki rele nwit trankil.

Nwit trankil se te yon operasyon de jou. “Boukle zòn nan epi chache “. Objektif operasyon an se, izole e siprann lidè mann gang yo. Sòlda pou lapè ki sòti nan batayon Brezil 1 tap bay sekirite pandan yo sèkle chekpoint zòn Simon Pélé premye nwit la e zòn Boston pandan dezyèm nwit la.

Metòd sa te fasilite inite espesyalize PNH la ak ofisye UNPOL yo ale nan zòn sible yo chache sispèk yo e arete yo.

Kòm rezilta :

Pandan operasyon Nwit Kalm nan, 42 moun ki sispèk nan aktivite kriminel yo te jwenn arestasyon yo.

Se te de nwit san pran souf. Sòlda yo ak ofisye yo te mete de katye yo sou kontwòl pou reyalize misyon an gras ak bon jan tèt ansanm nan mitan diferan aktè yo. Nwit trankil te reyisi e li pèmèt nou arete 42 moun ki sispèk yo e ki enplike nan aktivite kriminèl yo, tankou: vòl, ekstòsyon ak kidnaping.



Mwayen utilize nan « NUIT CALME »			
UN	Militè 140	PNH	95
	UNPOL 84		
UN	21	UN	5

Sou teren an ak PERCOY

Operasyon sekirite HILL SWEEP te fèt 24 ak 25 Novanm 2012, nan gran ravin, Pòtoprens. Sòlda pou lapè peyi Pewou yo te nan kè aksyon an.

24 ak 25 Novanm, Konpayi enfantri pewouvyen an, batayon Srilankè ak Bolivyen yo te patisipe ansanm nan yon operasyon sekirite ki rele HILL SWEEP ke polis nasyonal la (PNH) te lanse ak sipò UNPOL,FPU (inite fòs polis) nasyonzini e konpozant Militè Minista a. Operasyon sa te fèt nan zòn Gran Ravin, kote pousantaj aktivite kriminèl yo trè wo. Objektif li se te konbat krim nan Pòtoprens, sible gang kriminèl yo e pi pran yo trennen yo devan lajistis. Li te gen ladann patwouy ak checkpoints nan prensipal wout zòn sa yo e nou te fè yo nan de faz: premye faz la te kòmanse a 10è nan maten, 24 Novanm ak 8 check points nan lokalite estratejik yo, Percoy te responsab 4 ladan yo .

KONPAYI PEYI PEWOU

Dezyèm faz la te komanse a 3è:30 nan maten kote nou te ansèkle zòn nan pandan UNPOL, PNH ak pèsonèl militè yo te kontinye rechèch la nan zòn nan. Pandan operasyon an 18 moun te jwenn arestasyon yo pou envestigasyon. Operasyon sa te fèt pou entèwonp enfliyans mouvman kriminèl yo e asiste gouvènman Ayisyen an nan ranfòse sekirite ak estabilite nan katye Pòtoprens yo pou ka montre pèp Ayisyen an Minista toujou ap travay di nan ranfòse sekirite nan peyi a.

Zanj nan syèl la

Nan kad misyon li nan Minista, gwoup elikoptè fòs delè peyi Chili a gentan reyalize 12,500 zè vòl. Sòlda pou lapè sa yo tou fè plizyè evakyasyon medikal (MEDEVAC).

Depi lè yo deplwaye an Ayiti nan kad Minista nan mwa dawout, disetyèm gwoup fòs delè chilyen mennen plizyè aktivite: Operasyon delè, transpò pasajè, misyon lanwit konsa yo itilize linèt pwotektè ki fèt menm pou fènwa. Pèsonèl li a toujou sou mouvman 24 trè pa jou, 7 jou pa semèn pou realize misyon an ijans otorite Minista yo .

Gwoup sòlda pou lapè yo fyè anpil de youn nan tach sa yo espesyalman evakyasyon medikal nan elikoptè (MEDEVAC). Misyon espesifik sa yo kapab fèt ak sipò pèsonèl Minista oubyen popilasyon ayisyen an.

Objektif pa yo se evakye moun ki bezwen trètman an ijans nan bon jan kondisyon nan sant medikal ki pi pre a.

Apa de sa, Gwoup la gen yon lòt ekip Militè oksilyè medikal ki toujou disponib pou pote swen ak peyizan nan moman yap transpòte pasyan an. Depi mwa dawout, pèsonèl aviyasyon Chili a deja reyisi mennen sink MEDEVAC nan diferan rejyon nan diferan sikonstans. Gras ak pwofesyonalis yo , sis mounn te reyisi evakye.

Ansanm nap konbat trafik dwòg

Pou lite kont tout vye trafik, de gran operasyon DIAMBAR ak MILAN te tanmen nan Okay jou ki te 7 pou rive 10 desanm 2012. An nou swiv dewoulman evènman yo jou ki te 7 desanm lan ak URUMAR (Marin peyi Irigwe), se komsi nou te la. Byenvini àbò!

Zòn Okay la , ki sitye nan depatman sid la, repite kòm baz pou trafik dwòg, kontrebann ak imigrasyon ilegal. Ajans peyi Dayiti kap lite kont dwòg la te mande sipò MINISTA pou mennen aksyon kont gwo bacha kriminèl ki nan zòn nan. Operasyon DIAMBAR ak MILAN te planifye pou arete kriminèl sa yo. URUMAR te bay kout men pal sou lanmè a pou te ka ede PNH la sezi twa nan yo ki te pi sible: Youn te nan lokalite Madan Bèna nan Ilavach,youn nan lokalite lafoli, tou pre Sen Lwi di Sid et lòt la te nan vil Okay la.

Ekip B1ak B2 te yo chak konpoze de 3 bato (2 bato ki ka fè patwouy rapid ak yon bato kawotchou) ak fòs polis tou: Ofisye UNPOL, FPU peyi Senegal (Inite polis espesyal ak ajan PNH (Polis Nasyonal peyi a) .Men istwa a:

- **06:30 a.m.: Ekip** B1 ak B2 kite pò Okay la.
- **07:30 a.m.: Ekip** B1 rive devan Lafoli, 15 mil maritim de vil Okay, e Ekip B2 a rive devan Madan Bèna.
- **07:55 a.m.: ekip** B1 arete yon moun ki tap eseye sove pou kite Lafoli alanaj pou PNH pat pran yo.

- **08:00 a.m.: Ekip** B2 kanpe e enspekte bato ki tap kite zòn Madan Bèna a. Yo pat jwenn anyen ki sispèk .
- **11:35 a.m.: Ekip B1 a remèt sispèk yo te pran Lafoli a bay PNH**
- **11:50 a.m.: Apre yo fini ak operasyon a nan Lafoli, ekip B1 a ale nan zòn Madan Bèna pou sipòte Ekip B2 a**
- **02:05 p.m.: Tout bato MINISTA yo te alète apre yo te finn anonse gen yon bato kap transpòte yon tòn Canabis.**

Men enfòmasyon yo pat konplè e yo pat rive lokalize bato sispèk la

- **03:50 p.m.: De bato MINISTA rive Okay e debake ofisye PNH yo ak FPU Senegal yo.**
- **04:20 p.m.: Yon jij Ayisyen ak ofisye UNPOL monte bato a pou yo ka ale nan zòn Madan Bèna kote yo te kenke yon sispèk.**
- **05:20 p.m.: Jij la desann bato a nan zòn Madan Bèna e monte ak de ofisye PNH ki tap eskòte prizonye a.**
- **06:05 p.m.:** Apre yon move vwayaj nan lanwit akoz move tan, bato MINISTA yo rive nan pò Okay la.

Jou ki te lendi, 10 Desanm nan a 6:00 a.m., 4 bato rapid yo kite vil Okay pou rive Jakmèl a 03:00 p.m. san okenn ensidan.

Maren Karayib yo

Sa fè yon mwa, vil Bèlans, Grangòzye ak Ansapit te frape fò ak pasaj siklòn Sandy. Lè nou konsidere gravite sitiyasyon an, Gouvènman ayisyen te mande sipò ekipman Militè yo nan plizyè aksyon ijans imanitè, tankou: kit alimantè, medikaman, apwovizyonnman medikal ak tablèt pou pirifye dlo. Konpozant Militè Minista a te pran an chaj misyon sa nan respè debaz kòdinasyon Sivil-Militè a.

Vin ede'm, Vin ede'm…

Pou kenbe kapasite operasyonèl yo nan pi wo nivo, URUMAR te patisipe nan yon seyans fòmasyon. Sa ki pi resan an se te yon egzèsis sekou ak rechèch (SAREX) ki te fèt 7 Novanm nan Jakmèl (depatman sidès). Te genyen yon elikoptè Bell 212, yon avyon Dash7 ak de bato ki te enplike. Gras ak bon jan kòdinasyon ant tout patisipan yo, te gen de najè ki te an difikilte ki te rive jwenn èd.



Konpayi maritim peyi Irigwe a pou tranpò ak asistans (URUMAR), ki chita nan Jakmèl, te chwazi pou ekzekite tach sa. Nan kòdinasyon pwòch ak otorite sanitè ayisyen yo, URUMAR te deplwaye de bato patwouy ki pakouri 250 kilomèt poul te ka distribiye preske 1500 kilo medikaman premye swen nan twa vil sa yo pou kapab soulaje soufrans popilasyon an.

MARIN PEYI IRIGWE

En deyò de seremoni an...

Pou chak sòlda lapè, resevwa meday Nasyon Zini an reprezante yon gwo moman fyète ak prestij. Men se yon okazyon tou pou kontenjan yo prezante tradisyon ak kilti peyi yo e pèfòme dans ak espò. Lè seremoni an fini, yo tou pwofite rasanble pou diskite ansanm e fratènize ak tout lòt nasyon ki konstitye kokenn chèn fanmi sòlda lapè yo.

- JAPENGCOY AK JORBAT -
22 NOVANM 2012
KAN CHARLIE,
PÒTOPRENS.

- ARGBAT -
6 DESANM 2012
GONAYIV

- ROKENGCOY AK SRIBAT -
13 DESANM 2012
LEWOGAN

- CHIAVN, CHIBAT AK CHIECUENGCOY - 20 DESANM 2012 KAP AYISYEN

Nan fen mwa desanm 2012 la, Kontenjan peyi Kore ak Japon fòs militè a mete yon bout nan misyon yo an Ayiti. Atravè travay yo, kouraj yo ak angajman yo, de kontenjan sa yo rann anpil sèvis a peyi a e ak popilasyon an. Otorite militè MINISTA yo ak tout kamarad kap sèvi anba banyè drapo nasyonzini sezi opòtinite sa pou eksprime respè ak gratitid yo gen pou yo.

"Yon wé pi lwen"

Katye jeneral Fòs Militè Minista a konpoze de plizyè branch kap travay nan diferan domèn pou byen kowòdone travay sòlda yo sou teren an. Pami branch sa yo, U-5 gen pou fonksyon defini plan ak estrateji politik nan mwayen ak long tèm nan misyon an.

Plan ak estratejik branch (U-5) responsab direksyon, Kòdinasyon ak sipèvizyon nan developman plan estratejik anndan misyon an. Yon branch kap planifye dwe fokis nòmalman sou sa yo rele tan an tankou mwa, ane ak tout sa ki pase pandan semèn ki gen pou vini yo.

Plan espesifik branch la:

- Fè pwopozisyon bay kòmandan Fòs la (FC) pou li ka rive atenn objektif Fòs Militè Minista a.
- Mennen sesyon analiz ak planifikasyon pou reponn ak lòd Kòmandan fòs la e diferan aksyon kap pran pou sipòte lòd sa yo.
- Kondi, mete ajou, jere e mezire pwogrè misyon an ak tout lòd operasyonèl; bay direksyon pou asire ke Minista prale nan bon direksyon an.
- Fè planifikasyon, Kowòdone pou evakye e redevelope tout inite Konpozant Militè yo.

Travay plan estratejik la se fè ke otorite leta ayisyen yo gen yon total responsabilite de eta de dwa ak sekirite nan peyi a. Planifikatè estratejik yo gen vizyon pou travay an kolaborasyon ak militè, Polis ak pèsonèl sivil Minista yo, etabli yon kontra, pozisyone yon fòs pou kontinye ale an navan sou menm lanse a. Evènman tankou dezas natirèl, ijans siklonik ak soulèvman popilè kreye difikilte, e anpeche pwogresyon objektif misyon an. Sepandan gen plan kontenjans ki etabli pou si ta gen evènman sa yo pou Minista kapab aji vit e kontinye sou wout pwogrè a.

Sipòte popilasyon an

Akoz Konsekans tranbleman tè 2010 la ak pasaj lòt dezas natirèl tankou Ouragan ak siklòn, Ayiti fè fas ak anpil gwo defi anviwonmantal ak sante piblik. Gras ak konpayi jeni Minista yo, sòlda pou lapè yo te kontribye nan lit sa a, paske pa gen sekirite san yon bon anviwonman.

Nan dat ki te 12 Novanm 2012 la, enjenyè BRAENGCOY yo te kòmanse avèk travay kiraj nan kanal “3BB’ nan vil Pòtoprens. Yo itilize traktè ak plizyè kamyon fatra pou retire dechè ki sanble nan rigòl yo pou jete yo nan depotwa fatra.

Sitiyasyon sa te ekspoze abitan kap viv nan zòn kanal yo ak gwo risk inondasyon. Travay sa fè pati efò kontenjan Brezilyen an ap fè pou redwi vyolans kominotè nan site solèy. Pwojè a vize redwi tou kriminalite nan zòn nan, amelyore anviwonman katye a ak kalite vi popilasyon an.

Kanal “3BB”a se pi gran kanal dlo vil la, li kòmanse sou wout nasyonal nimewo 1, pase nan zòn Delma, li travèse site solèy, zòn ki pi pòv nan kapital la e li devèse nan lanmè a. Akoz gwo lapli ak mank estrikti sanitè, li ranpli ak anpil fatra ki vinn pèmèt dlo a pa koule.

ENJENYÈ MILITÈ PEYI BREZIL

Atelye sou kizin peyi Pewou

Depi 22 Oktòb jiska 13 Novanm, sèzyèm(XVI) kontèjan pewouvyen an te òganize premye atelye gastronomik ki te batize pewou-Ayiti “Bon gou”. 8 fanm Ayisyen te patisipe nan atelye sa nan objektif pou pataje kizin Ayiti ak pewou e bay patisipan yo plis chwa nan itilizasyon pla yo ak pwodwi lokal. Lòt objektif atelye sa tou se te pèmèt patisipan yo al pataje sa yo aprann yo ak kominote kote yo soti a.

Seremoni kloti atelye a te dewoule jou ki te 13 Novanm nan baz Percoy la (Konpayi enfantri peyi Pewou, nan Kan Charlie) an prezans chèf biwo U9 la(CIMIC), Kapitèn Gustavo Gomez ak kèk ofisye Konpozant Militè a. Nan fen seremoni an, tout patisipan ayisyen yo te resevwa yon sètifika pou patisipasyon yo nan atelye sa a; tout mounn te gen opòtinite goute nan bon manje fanm ayisyen yo te prepare.

Yo konsidere kizin peyi Pewou a tankou yon kizin ki varye ak bon jan manje, li se youn nan atou kiltirèl peyi Pewou.

Nwèl an Ayiti

Pa gen nèj an Ayiti pou sòlda lapè yo. Men nwèl an Ayiti gen moman espesyal pal…

An Ayiti, tradisyon Nwèl la varye de vil yo ak andeyò yo. Sepandan, li se yon sezon kè kontan ak lajwa pou timoun ak granmoun. Sezon Nwèl nan peyi Dayiti kòmanse nan mwa Novanm kote tout estasyon radio yo ap pase bèl melodi nwèl epi moun yo kòmanse mete kanpe abdenwèl yo.

Pandan sezon Nwèl la, tout lari bloke anba gwo blokis soti nan nò ale nan sid. Nan lari a gen anpil mache prese, moun yo pral nan magazen ak nan boutik pou yo achte kado, manje ak dekorasyon. Se vre yo pa gen twòp lajan akoz pwoblèm ekonomik yo, men ak ti sa yo gen nan pòch yo, yo fèl pale franse pou yo ka jwi sezon an jan yo kapab. Nwèl se sezon kote pi fò koup deside marye. Lè konsa, legliz yo byen dekore e patisipan yo byen abiye pou seremoni an. Se sezon tou kote pi gwo konsè òganize nan peyi a; tout gwoup mizik yo bay tout yo menm pou yon pèfòmans san parèy e pou satisfaksyon fanatik yo. Kòm Ayiti se yon peyi trè relijye, pi fò Ayisyen pwofite de epòk sa pou yo selebre nesans Jezi Kri.

Nan lavèy nwèl la, sa vle di 24 desanm nan aswè, anpil nan yo ale nan mès tradisyonèl la ki rele mès minwi epi yo mache swete fanmi ak zanmi yo jwaye nwèl.

Jou ki 25 desanm lan, prèske tout moun rete lakay yo pou dine antèt atèt ak manm fanmi an. Dine sa se yon kokenn chèn festen konpoze de diri nasyonal, poul peyi, salad, elatriye… Pou konkli, Nwèl se youn nan pi gwo epòk an Ayiti, epi tout moun aranje yo pou yo selebre nwèl la an gran panpan.

Pèp Ayisyen an renmen pwovèb. Se pou sa nou pwopozew aprann yon nouvo pwovèb Ayisyen nan chak nimewo “Sòlda lapè”. Fwa sa:
“Sa w fè se li ou wè”.

Yon sezon chaje pou Tonton Nwèl

Tankou chak ane, Tonton nwèl te pase yon nwit tèt chaje dènyeman. Li vizite plizyè ti Ayisyen poul te ka ba yo kado ak jwèt. Ak yon ti èd kas ble MINISTA yo ...

BOLCOY

CHIBAT

ARGBAT

SRIBAT

URUMAR

BRABAT

BIWO TONTON NWÈL

*****

PÒL NÒ OFISYÈL
SÈTIFIKA REKONESANS

*****

SE POU MWEN EKSPRIME PWOFON
REKONESANS MWEN A

Sòlda Lapè Ministaryo

POU SIPÒ ENKONDISYONÈL YO BAY TIMOUN
AYITI YO POU FÈT NWÈL 2012.

Santa Claus

Santa Claus Oath

Marcos, BRAENGCOY: *"28 desanm nan lannwit, militè BRAENGCOY yo te ede ponpye Ayisyen yo etenn yon difè nan youn nan pi gwo mache ki nan lari Pòtoprens. Ak kamyon dlo e kolaborasyon twoup Chilyen ak Paragweyen yo, BRAENGCOY te ede kontwole difè a douvanjou 29 desanm lan. Nou te fè tout posib nou pou limite dega yo e mwèn fyè anpil de kolèg mwen yo.*

ENJENYÈ MILITÈ PEYI BREZIL

ENJENYÈ MILITÈ PEYI ENDONEZI

Aditya, INDOENGCOY: *"Kòmanse novanm 2012 rive fevrye 2013, Konpayi jeni peyi Endonezi a tanmen premye faz reparasyon wout ki soti Pòdepè a pou rive Janrabèl ki reprezante 40 kilomèt. Pwojè sa ap amelyore vi e fasilite deplasman popilasyon an nan depatman Nòdès la. Travay la pa fasil men nou gen detèminasyon."*

Bibek, NEPBAT: *"Avan rotasyon an kòmanse, NEPBAT òganize jou ki te 17 desanm nan yon kous ansanm ak dezyèm kòmandan an Chèf fòs militè a nan kan Charlie. Kòmandan Kontenjan nepalè a, Kòmandan NEPBAT la, ofisye yo ak yon total 160 sòlda te patisipe nan kous la. Lè kous la fini, dezyèm kòmandan an Chèf fòs militè a te pran lapawòl poul te pale ak sòlda yo (Garud dal BN-XI) sou pèfòmans ekstraòdinè yo nan MINISTA."*

BATAYON PEYI NEPAL

ETAMAJÒ MINISTA

Biwo enfòmasyon piblik militè a ki nan katye jeneral la: *"De nouvo ofisye fenk rejwenn ekip nou an. Lyetnan Laura Stegherr, ki vini an novanm, se yon ofisye marinn ameriken. Capitèn Jorge Perez, ki rive an desanm, se yon sòlda peyi Pewou. Yo chak gen yon kontra yon lane nan MINISTA. Yo gentan trè okipe!"*

Alejandro, CHIBAT: *"Preske 600 patisipan, nan mitan yo te gen 50 timoun, 60 fanm ak yon andikape te patisipe nan dezyèm "kous pou lapè a" ke dizwityèm batayon peyi Chili a te òganize jou ki te 29 desanm nan Kap Ayisyen. Pou Lyetnan Daniela Arenas, ki te òganize evènman an, objektif aktivite sa se pou konstwi yon kokenn chèn amitye ant sòlda yo ak pèp Ayisyen an. "Se yon aktivite pou ede popilasyon an, e li gen menm sans ak yon distribisyon founiti lekòl, vizit nan òfelina ak distribisyon dlo" li deklare. Kòmandan batayon Chilyen an, lyetnan Kolonèl, Sergio Estévez Valencia, felisite tout atlèt ki te patisipe yo e rapele yo ke " se yo tout ki te patisipe nan kous la ki genyen paske yap travay pou lapè ak estabilizasyon pou nasyon-sè yo a, Ayiti."*

BATAYON PEYI CHILI

SMS - SMS - SMS - SMS - SMS - SMS - SMS - SMS - SMS - SMS

UN photo / Logan Abassi

"Met lapè se pa yon jòb pou sòlda,
men se sèl sòlda ki ka fè l".

Dag Hammarskjöld,
Sekretè Jeneral Nasyonzini 1953-1961.
Pri Nobèl lapè 1961.